दिन–सोमवार दिनांक–02.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्रक आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। सत्रक पहिल दिन राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां दुनू सदन विधानसभा आ विधान परिषदक संयुक्त अधिवेशन के संबोधित कयलनि। राज्यपाल अपन संबोधन मे कहलनि जे राज्य मे कानूनक राज अछि। सरकार सामाजिक न्याय के संग विकासक डेग पर अग्रसर अछि। राज्यपाल राज्य सरकारक उपलब्धि के चर्चा करैत कहलनि जे सरकार महिला लोकनि के आर्थिक रूप सँ आत्मनिर्भर बनेबाक लेल लगातार काज कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत जाहि महिला लोकनिक रोजगार नीक चलत हुनका दू लाख टाका धरिक। अतिरिक्त वित्तीय सहायकता देल जायत। राज्यपाल कहलनि जे बिहारक विकास मे केन्द्र सरकारक पूरा सहयोग भेटि रहल अछि आ एहि लेल ओ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक प्रति आभार व्यक्त करैत छथि।

---

एम्हर, राज्यपालक अभिभाषणक पहिने विधानसभा मे अध्यक्ष प्रेम कुमार आ विधान परिषद मे सभापति अवधेश नारायण सिंह के प्रारंभिक संबोधनक संग सत्र के शुरूआत भेल। सत्रक कार्यवाही शुरू भेला सँ पहिने विपक्षी सदस्य लोकनि विधानमंडल परिसर मे कानून व्यवस्थाक स्थिति के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनि। विपक्षी सदस्य नीट के तैयारी कऽ रहल एक छात्रा के पटना मे संदिग्ध परिस्थिति मे भेल मृत्यु के निष्पक्ष जांचक मांग के लऽकऽ नाराबाजी कऽ रहल छलाह।

---

वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव आइ विधानसभा मे बिहार आर्थिक सर्वेक्षण दू हजार पच्चीस–छब्बीस प्रस्तुत कयलनि। संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री यादव कहलनि जे विवेकपूर्ण राजकोषीय प्रबंधन आ राजस्व तथा खर्च के मध्य नीक संतुलन के कारण राज्यक वित्तीय स्थिति मजगूत भेल अछि। ओ कहलनि जे बिहार देशक सभ सँ तेजी सँ बढ़ऽबला अर्थव्यवस्था मे सँ एक अछि। श्री यादव जनौलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीस मे राज्यक आर्थिक वृद्धि दर आठ दशमलव छओ प्रतिशत छल। ओतहि प्रतिव्यक्ति आमदनी

बढ़िकऽ छिहत्तरि हजार चारि सय नब्बे टाका भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे कृषि, संबद्ध क्षेत्र आ उद्योग सहित अर्थव्यवस्था के सभ क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति कयलक अछिं

———————————————————————————

बिहार विधानमंडल मे काल्हि राज्य सरकार अपन बजट प्रस्तुत करत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्ववला नवगठित एनडीए सरकारक ई पहिल पूर्ण बजट होयत। एहि बजट के कतेको अर्थ मे महत्वपूर्ण हेबाक उम्मीद अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार–सत्ताईसक बजट आकार तीन लाख अस्सी हजार करोड़ टाका हेबाक संभावना अछि। ई राशि पछिला बजट सँ लगभग उन्नैस प्रतिशत धरि बेसी अछि। एहि बेर के बजट मे मुख्य रूप सँ सात निश्चिय–तीन पर सरकारक फोकस रहत।

———————————————————————————

विधानसभा मे प्रतिपक्ष के नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे राज्यपालक अभिभाषण मे सरकारक कोनो विशेष उपलब्धि के चर्चा नहि कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे बिहार सँ पलायन आ बेरोजगारी लगातार बढ़ि रहल अछि। श्री यादव राज्य मे कानून–व्यवस्थाक बिगड़ैत स्थिति के लऽकऽ सरकार पर आरोप लगौलनि अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक इंटरमिडिएट वार्षिक परीक्षा आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। बोर्ड के अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे प्रदेशभरि मे एक हजार सात सय बासठि परीक्षा केन्द्र बनाओल गेल अछि। एहि केन्द्र सभ पर तेरह लाख सत्रह हजार सँ बेसी परीक्षार्थी परीक्षा मे सम्मिलित भऽ रहल छथि। श्री किशोर जनौलनि जे परीक्षाक सुचारू संचालनक लेल एक नियंत्रण कक्ष बनाओल गेल अछि। ई चौबीसो घंटा सक्रिय रहत। कोनो प्रकारक जनतब लेबाक लेल दूरभाष संख्या **शून्य छओ एक दू – दू दू तीन दू – दू पांच सात** आ **शून्य छओ एक दू – दू दू तीन दू– दू दू सात** पर संपर्क कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

देशक पहिल बुलेट ट्रेनक परिचालन वाराणसी सँ पटना होयत सिलीगुड़ी धरि कयल जायत। बजट के बाद आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे रेलमंत्री अश्विणी वैष्णव ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे सरकारक एहि निर्णय सँ बिहारक अर्थ–व्यवस्था के नव गति भेटत।

———————————————————————————

राज्यक सभ अंचल अधिकारी आइ सं अनिश्चितकालीन हड़ताल पर चलि गेलाह अछि। अनुमंडल राजस्व पदाधिकारीक नव पद सृजित करबाक राज्य सरकारक निर्णय के विरोध में अंचल अधिकारी लोकनि हड़ताल पर जयबाक निर्णय कयलनि अछि। एम्हर, अंचलाधिकारी लोकनिक हड़ताल पर जयबाक कारणे भू–राजस्व व्यवस्था सँ जुड़ल काम–काज प्रभावित भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र आइ अपन पचासम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर बीएसएनएल दरभंगा के महाप्रबंधनक विनोद कुमार गुप्ता कहलनि जे आकाशवाणी आपदा आ विपदा के क्षण मे आम लोक सभक लेल एक महत्वपूर्ण साधन रहल अछि। ओतहि एहि अवसर पर केन्द्र के दिस सँ कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त